Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 36 (9947) 15 сентябрь 2023 с. / Рузман 30 сафар 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления

## *Уважаемые жители района!*




Примите искренние поздравления с Днем единства народов Дагестана!

День единства народов Дагестана–праздник для тех, кто твердо осознает ценность и силу многовековой братской дружбы, проявляет дополнительное уважение к общей истории, следует идеям сохранения мира и согласия в обществе, искренне любит и верит в Дагестан – это праздник для каждого из нас.

История Дагестана богата примерами, когда именно единение народов способствовало сохранению его независимости и процветанию.

Воинская доблесть и единство народов республики проявились в период Великой Отечественной войны, в разгроме международных бандформирований, вторгшихся в Дагестан в августе-сентябре 1999 года, проявляются они и сегодня в Украинской специальной операции.

В этот праздничный день желаем вам мира, счастья, благополучия и мирного неба.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

## Уважаемые казбековцы!

Сегодня День народного единства Дагестана! В этот день мы возвращаемся к пониманию важности таких понятий, как сплоченность народа. Мы едины независимо от своего вероисповедания или национальности.

Наш Дагестан-это наш дом, который мы сообща защищаем, мы вместе гордимся достижениями наших жителей и также вместе скорбим о горестных утратах, переживаем печальные события.

Это наш праздник, потому что мы верим в свою малую Родину, её силу и мощь. Как и раньше, когда разгром международных террористов в сентябре 1999 года объединило весь народ, так и сейчас, мы верим в наше народное единство по защите мирного населения Донбасса! С праздником вас! Желаю вам мира и благополучия, стабильности и процветания!

***Депутат НС РД М.Д. Умаханов***

15 сентября все дагестанцы отмечают любимый всеми нами праздник-День единства народов Дагестана. Его смысл и значение имеют глубокие исторические и духовные корни.

Многонациональный наш народ веками жил в согласии и добрососедстве, сообща защищал родную землю.

Поздравляю вас с праздником ! Желаю всем вам здоровья, мира, согласия и благополучия.

***Председатель Общественной палаты Г.А. Адимирзаев***
***Председатель Совета старейшин С.Э.Нуралиев***
***Председатель Совета ветеранов ВОВ и труда Х.И. Магомедхабибов***

# Активалъул данделъи тIобитIана

12 сентябралда районалъул администрациялда тIобитIараб активалъул иргадулаб данделъиялда гIахьаллъана администрациялъул гIуцIиялъулъе кколел бутIабазул начальникал, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулелгун жавабиял хIалтIухъаби, росабазул бутIрул ва данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал жидер жавабкьеялде кколел гIуцIабазе нухмалъулел.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Зикрула Эмеевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана гьаракькьеялъул цогояб къоялъул хIасилазда, районалъул росабалъ качество бугеб гьекъолеб лъим букIинабиялда, хаслихълъиялдегун хаслиде ЖКХялъул объектал хIадуриялъул гьоркьобакIалда тIоритIарал хIалтIабазда ва налогазул налъаби районалъул администрациялъулъе кколел бутIабазул, учреждениябазулгун организациябазул, росабазул администрациябазул хIалтIухъабаз рецIиялда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъай гьабурав жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас данделъаразе баян кьуна 8,9 ва 10 сентябралда Хубаралда бакIалъул депутатал рищиял тIоритIиялъул ва гьенир ккарал хIасилазул.




Гьес абуна: *«Рищиял тIоритIиялда хурхун, рищиязул комиссиялде цониги гIарза бачIинчIо. Рищиял тIоритIиялъул комиссиялъул хIукмуялдалъун, гьел тIоритIаралълъунги унгояллъунги рикIкIана»*,-ян.

КIиабилеб ва лъабабилеб суалазда тIасан кIалъай гьениб гьабуна архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев ГIалимпаша Абуевас.

Районалъул росабалъ гIураб къагIидаялда ва качество бугеб лъим чIезабиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIал нилъеда цIакъ лъикI лъала. Гьеб рахъалъ щиб гьабураб ва гьабулеб бугебали, гIатIид гьабун ва цифрабаздалъун, гьес бицаралда хурхун, гьелъулъ гIезегIанал гIунгутIаби раккулел руго (качество гьечIолъи, лъел мухъал басралъун рукIин,росабазул бутIруз заманалда лъеда хурхараб информация кьунгутIи ва гь.ц.).

Гьес абуна: *«Араб анкьалъ байбихьана Ишахи участокалдаса лъим бачиналда тIад хIалтIизе. Божи буго гьелъ рес кьелин районалъул гIадамал лъикIаб лъедалъун хьезаризе. ГьоркьобкъотIи гьечIого ва гIолеб къагIидаялда росабалъ лъим чIезабизе ккани, дир пикруялда, хIалтIи цIияб къагIидаялда гIуцIизе ккола. Гьедин гьабичIони, гьаб заманалда ва кколеб къагIидаялда, лъим чIезабиялъул объектал хIалтIизаризе кIвеялда щаклъи буго. Дида ккола гьедин букIунгутIиялъе районалда техникаялдалъунги лъай бугел специалистаздалъунги хьезабураб ЖКХ гIуцIизе лъикIаблъун букIина»*,-ян.

*Гьеб рахъалда хурхараб тIасан кIалъаялда З. Эмеевас абуна: «ЖКХ гIуцIиялда хурхарал пикраби, мухIканал предложениябаздалъун, администрациялде хъван кье»*,-ян.

Хасалихълъиялдегун хаслиде районалъул ЖКХялъул объектал хIадуриялда тIасан гьабураб кIалъаялда ГI. Абуевас тадбиралъул гIахьалчагIазе бицана, гьоркьобкъотIи гьечIого, газ, ток ва лъим чIезариялда, нухал хIадуриялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъулги. Гьес *«Газ чIезабиялъе гьаризе кколел хIалтIаби 90% тIуразарун руго»*,-ян абуна.

Лъиениги балъголъилъун кколаро ток чIезабиялъул суал бетIералде бахъинабиялда тIад гьабизе кколеб хIалтIи гIейгьечIеблъун букIин. Советияб власталъул заманалдаго эхетерал токил хIубал, цIарал мухъал, бакI-бакIазда лъурал трансформаторал ва цогидалги алатал церего басралъунги къуват гьечIеллъун рукIинги балъголъи гуро.

Ахириял соназ ток хIалтIизаби гIемерго цIикIкIана ва гьелъул къуват (220 вт.) гIемерал бакIазда гIоларо, гьедин букIиналъ ризго мухъалги трансформаторалги хвезарула ва токалъул бачIин гьоркьоб къотIула. Ток гьечIони, хинлъи чIезабиялдаса байбихьун, гIезегIанал гIумрудул рахъазда кьабиги щвезабула.

Рехсараб суалалда сверухъ гьабулеб хIалтIул, ругел гIунгутIабазул, цере чIарал масъалабазул гьес бицаралдасан бичIчIунеб букIана ток чIезабиялда тIад жеги гIемераб хIалтIи гьабизе кколеб букIин.

ГIалимпашаца бицаралда хурхун, З. Эмеевас абуна: *«Ток чIезабиялъул суалалъ рекIелъе рахIатхвей рещтIинабулеб буго, гьелъ, хIаракат бахъизе ккола тIаде росарал масъалаби бетIералде рахъинаризе»*,-ян.

Налогал рецIиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIал жеги лъикIлъулеб гьечIеблъиялъул гьениб бицана экономикиябгун социалияб рахъал церетIезариялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас.

ЦIалдолезда лъала гьеб суал ахириял цо чанго данделъабазда борхун букIараблъи. Лъаларо, гьелда хурхун, цогидазул щиб пикру бугебали, амма районалъул администрациялъулги, гьелъул бутIабилъун кколел гIуцIабазулги ва цогидал бакIазулги жавабиял хIалтIухъабазги специалистазги налогал кьоларел ругони, мухъилал гIадамазде щиб абизе кколеб? Цоги гьеб суалалда тIасан абизе рагIи дир гьечIо.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 КIудияв шагIиргун дандчIваязда

гьум. 3 СВОялъул гIахьалчигун дандчIвай

гьум. 4 Спорт




# КIудияв шагIиргун дандчIваязда

Дир эмен-Дилималдаса Зайидов СалихI (ж.м.ч.), жиндирго эмен гIадин, цIулал устар вукIана. Гьес гордал, нуцIби, оцазе чангъал, гьакал ва гIадамазе хIажатал цогидал цIулал алатал хIадурулаан. Инсуца гIемерал гIадамазул хIажатал тIуралаан. Школалъул ригьалда вугев дица гьесул махщел босизе хIаракат бахъулаан.

Цо къоялъ, асклOве дунги ахIун, гьес абуна: *«МухIамадкамиль, дир вас, цIулал устарлъиялъ, дир рекIелъ къан хутIулареб хIалалда, херал эбел-эмен хьихьизе, квербакъана, дуеги гIадамазеги пайдаяб гьеб махщел дуцаги тIаса бищизе бокьила»*,-ян.

Инсул рагIабаз дун вохизавуна, дир цудунго анищ букIана гьесул кверзул хъухъадиро, гIащтIи, сургу, лъини ва цогидалги алатал, гьесго гIадин, хIалтIизаризе.

Цинги гьес дун вачана цIулал хIалтIаби гьарулеб рукъове, кIудияб столалъул хъурщиги цIан, цере рахъана рицатал жилдазде жанире руссинарурал 50-60 абилел соназул газетаздаса, журналаздаса, «Гьудуллъи» альманахалдаса маргьаби, харбал, шигIраби, кицаби ва абиял.

Дарсал хIадурун хадусан, гьал цIале, цIалдоларев чиясул гIакълу букIунаро, пикраби хIалтIулароян абулаан инсуца. МагIарул мацIалда хъваралщинал макъалабиги цогидабги гьес цIалулаан, гьел цIализе дунги тIамулаан.

Гьедин, инсул бараката лдалъун, дир гIумрудулъе кверзул махщелги гIагараб мацIалде рекIел цIайги цадахъ лъугьана. Авар ва гIурус мацIазде рокьи жеги цIикIкIиналъе гIурус мацIалъул ва адабияталъул мугIалим ХIажиев Рауф ХIажиевичасги Казуев Багьавудин ХIажиевичасги (ж.м.ч.) квербакъана, гьединал тIадегIанаб махщалил ва жавабчилъиялъул гIадамал хIалтIулел рукIиналъги, узухъда, кIудияб кумек гьабуна.

8-аб. классалда цIалулев вукIаго, октябрь моцI букIанин ккола, росдал клубалъе нухмалъулев Давуд Эсенаевас (ж.м.ч.) дун жиндихъего ахIана. Расул ХIамзатовасул цо кучIдузул тIехьги рагьун ва *«Авар мацI»* абураб кечIги бихьизабун, гьес абуна: *«Гьаб кечI рекIехъе лъазабизе дуе кIиго къо гIола, мун, районалъул художественнияб хIаракатчилъиялъул коллективгун, хIисабкьеялъул концерталда гIахьаллъизе МахIачхъалалде вачине вуго»*,-ян. КучIдул рикIкIине дир махщел бугилан гьесда Багьавудин Казуевас бицун бугоан.

Концерт хIадур гьабизе Дагъистаналъул мустахIикъав артист Камил Закарьяев вачIун вукIана. Инсуца гьесда гьоболлъи лъазабуна, гостиницаялде виччачIо. Гьес дида кечI цIалулаго лъалхъизе, гьаракь борхизабизе кколел бакIал рихьизаруна ва малъана.

Филармониялъул концертазул залалъул цебесеб кьерда кIудияв шагIир Расул ХIамзатов (ж.м.ч.) гIодовчIун вукIана. Дица рекIел хIал бахчизе яхI бахъулеб букIараблъи раклада буго. Дов рази хутIанадай яги, гьелъул гIаксалда, кканадаян вас-вас рекIелъ букIана.

Расулил жаваб щвезе гIемераб заман бахъичIо. Гьоркьор къоял индал, Расулица дие битIараб сайгъатги босун, дихъе Давуд вачIана. Гьеб, цеве дунги чIезавун роцен бахъараб кинниги, букъараб чIегIераб костюм бугоан. Дир рохалие гIорхъи букIинчIо. Дица гьеб байрам къояз, рохалилал данделъабазда, бертабалъ ретIулаан.

Школа лъугIарабго, *«ЦIализе киве инев?»*,-ан абураб суал дида цебе чIун букIинчIо. Дир анищ букIана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологическияб факультеталде лъугьине. Гьенире документал кьезе араб къоялъ, гьебго мурадгун, гьениве Гуниялдаса шагIир МухIамад Беркихановги (ж.м.ч.) вачIун вугоан.

Дида гьесул кучIдулги суратги районалъул газеталда рихьун рукIана. Лъайхъвай гьабун хадуб, гьес дида абуна: *«ЦIакъ бокьун буго тIадегIанаб лъай щвезе, амма школа лъугIаралдаса гIезегIанаб заман ана. Пемераб кIочон батилин дун хIинкъунги вуго»*,-ян.

*«Ургъел ккоге, МухIамад, нилъеца гьеб тIоцебесеб экзамен-изложение, СалихIица жергъен гIадин, рекъезабила»*,-ян дицаги абуна. АсклOвги гIодовчIун, хъван кьолаан дица МухIамадихъе тIанчал, хиса-басиялги гьарун, дицагоги хъвана гьеб, ва нижее лъикIал къиматалги щвана.

Дун «Дагъистан» гостиницаялда вукIана, цадахъ вукIарав нахъе унги вуккун, дица МухIамад гьениве вачана. Щибаб къоялъ ниж, бутIрул унтизегIанин абухъего, цIалдолаан, цоцазе суалал кьун, билетал такрар гьарулаан. Цо бакIалде лъабгочияс гIарзаби кьураб конкурс гьениб букIаниги, ниж студенталлъун рахъана. Бихьарасда гурони, гьелъул рохелги лъаларо.

Университеталъул общежитиялда ясазе гурони бакIал гьечIилан абидал, нижеда ургъел ккана. У. Буйнахъскиясул цIар кьураб къотIносан рукъоре рачIине вокзалалде унел рукIаго, нижеда Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул мина бихьана. МухIамад гьелда цеве лъалхъана ва гьес дида гьенире ине ругилан абуна. Дие гьениве лъугьине бокьун гьечIилан дица абидал, МухIамадица, рукьги ккун, дун гьениве жаниве цIана.

Секретаралъе саламги кьун, МухIамадица гьелда Расул ХIамзатович вугищан цIехана. Гьелъги *вугоян* къокъабго жаваб гьабуна.

Гьес гьелда абуна: *«Дуца гьесда Казбек районалдаса МухIамад Беркиханов вачIун вугилан лъазабе»*,-ян. Хеккого тIадюссарай гьелъ ниж Расулихъе рачана. Расул, гIодов чIаралъуса тIадеги вахъун, нижеда данде вачIана, нижер кверал росана ва гIодор чIаян диваналде квер битIана.

Расулица, гIадатияв магIарулас гьабулеб къагIидаялда, МухIамадида рукъосезул ахIвал-хIал гьикъана ва цIиял кучIдул хъвалел ругищан цIехана. Хадуб гьес Камиль ХIажиевасул (партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарь), Расул Идрисовасул (райисполкомалъул председатель), Ибрагьим Утарбиевасул (шагIир) хIакъалъулъ гьикъана. Гьелдаса хадуб гьес МухIамадида абуна: *«Дихъе рачIиналъул мурад бице»*,-ян.

МухIамадица абуна: *«Ниж гьанже, студентал руго, Расул, амма общежитиялда бакI щолеб гьечIо, дур кумек щвелародаян рачIана»*,-ян. Гьес нижеда студенталлъун рахъин баркана, ва, столалде нахъеги лъугьун, цо кагътида хъвай-хъвайги гьабун, абуна:

*«Университеталъул парткомалъул секретарь ШапихIажи ГIисаевасухъе гьаб кье ва лъабго къоялдасан дида хIасилги лъазабе»*,-ян.

МухIамадица абуна: *«Гьав дир гьалмагъ Дилим росулъа ккола, нижеда кIоченаро дуца гьабураб кумек»*,-ан. *«Дилималдасайищ? ЧIая, чIая»*,-янги абун, гьев серванталде асклOве ана ва гьениса цо кIудияб конверт босана. Гъоркьиса дун нужер районалда гьоболлъухъ вукIана. Гьенир рахъарал суратал руго гьал, лъаларо лъица рачIаралали, секретаралъухъе кьун ругоан.

МухIамадицаги дицаги суратазул хал гьабуна. Расулица абуна: *«Гьалбал хириял, ракIал гIатIидал гIадамал руго нужер ракьцоял»*,-ан.

Нахъе унел нижги чIезарун, Расулица нижее нус-нус гъурущ кьуна. ГIарац босизе инкар гьабидал гьес ниж гьеб босичIого риччачIо.

Гьеб къадар гIарцул цоясе анлъго моцIалъе щолеб стипендиялда бащалъулаан. Дида гIемер ракIалде щола гьеб лъугьа-бахъинги Расулица общежитиялда бакI щвеялъе гьабураб кумекги.

Дир рекIелъа киданиги нахъе инчIо рахьдал мацIалде рокьи бижинабизе доб заманалда инсуца дие гьарурал малъахъваялги Расул ХIамзатовгун ккарал дандчIваялги. БатIи-батIияв дандчIваязда, Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ бицен ккарабго, дица гьениб гьел дандчIваязул хIакъалъулъ бицуна.

***МухIамадкамиль Зайидов,***
***Дилим росу***

# Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул данделъи

*Щибаб март бачIингун, магIарул чIужу,*
*МахIмудил хабада лъе ихдалил тIегь.*
*ТIубараб гIумруялъ, гIащикъаб ракIалъ*
*Мун кIодо гьаюраб кечI ахIанин дос…*

**Р. ХIамзатов**

XX гIасруялъул шагIир Расул ХIамзатовасул творчествоялда чIужугIаданалъул сипаталде кIудияб кIвар буссинабунги жамгIияталда жаниб гьелъул бакI цIакъ къиматаб ва тIадегIанаб букIинги чIезабун буго. ЧIужугIадан-эбел, яц, яс, лъади. ГIолеб гIел куцаялъулъ гьелъ лъолеб бутIаялъе пачалихъалъ кIудияб къиматги кьолеб буго. «Россиялъул руччабазул Союз» жамгIияб гIуцIиги гьелъул бакIазда ругел отделениябиги гьедин гIуцIаралги руго.

«Дагъистаналъул халкъалъул гIемеррахъазулаб маданият. Гьеб цIуниялъулъ ва цебетIезабиялъулъ чIужугIаданалъул бугеб кIвар» абураб темаялда республикаялъул руччабазул Союзалъул иргадулаб «гургинаб» стол нилъер районалда бугеб «Миккирохь» туристазулаб базаалда тIобитIана. Дун йохарайги чIухIарайги йиго республикаялъулго даражаялда тIобитIараб гьеб данделъиялда гIахьаллъизе щвеялдаса.

Миллияб къагIидаялда, умумузул гIумруялда хурхарал алатаздалъун къачIарал азбараз ниж цебесеб рукIа-рахъиналъул пикрабалъе рачана. Гьеб бакIалъул бетIергьанчIужу Муслимат ГIабдурахIмановалъ гьенир гIуцIарал шартIаз рачIаразе нилъер умумузул




бахIарчияб гIумруялъул цо рахъ бихьизе рес кьолеб бугоан.

Миллияб политикаялъулгун диниял ишазул министерствоялъги, районалъе нухмалъулезги рахъккураб гьеб тадбир тIобитIана Дагъистаналъул руччабазул Союзалъги гьелъул нилъер районалда бугеб бакIалъулаб отделениялъги (председатель ПатIа Айтемирова). Гьенир гIахьаллъана ДПИЦялъул тарихалъулгун археологиялъул институталъул хIалтIухъан Майсарат Мусаева, миллатазулгун диниял ишазул министерствоялъул отделалъул начальник Хасайбат Валиева, районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Ильяс Шабазов, аппаратальe нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатова, Дубки поселокалъул бетIер ГIайнудин Абубакаров, муфтияталъул рухIияб лъай кьеялъул отделалъе нухмалъулей Аминат Аштаева ва районазул советазул вакилзаби.

КIалъазе рахъараз гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъулъ, гьел заралиял ишазде цIангутIиялъулъ, жамгIият цебетIезабиялъулъ, умумузул киналниги лъикIал рахъазул мисалаздалъун, гIел куцаялъулъ чIужугIаданалъул бугеб кIваралъул бицана. Гьезул кIалъаязулъ нилъер лъималазул рекъечIеб хьвада-чIвадиялъги ретIа-къаялъги киназулго рахIат хвезабулеб букIинги загьирлъулеб букIана. Гьез гьеб рахъалъ умумузул кьварараб гIадлу хIажат бугоянги абулеб букIана. Гьелъие мисаллъун гьенир рехсана нилъер цересел, къадруял, бахIарчиял умумул ва гьезул ишал. Жидер берцинлъиялдаса, къадруяб кьолбодаса, буголъиялдаса ва лъаялдаса гIантаб чIухIи гьабулел гIолохъанал ясазегун руччабазе мисалалъе А. Аштаевалъ МухIаммад аварагасул ﷺ заманалъул руччабазул къисаби рачана.

Гьезул кIалъаяздаса бичIчIулеб букIана, заманалъул захIмалъабазухъ балагьичIого, чIужугIаданалъ хIаракат бахъизе кколеб букIин, наслу битIараб нухде ккезабизе, нилъехъе умумузул щвараб лъикIабщинаб цIунизе, ВатIаналде, жидер миллаталде ва халкъалде рокьи цIикIкIинабизе.

КIудияв шагIирасул тIаде щолеб юбилеялда хурхинабун, гьел киназго хIаракат бахъулеб букIана гьесул асараздаса чIужугIаданалъул хIакъалъулъ мухъал рикIкIинеги.

Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул председатель Интизар Мамутаевалъ районалъе нухмалъулезе, П. Айтемировалъе ва М. ГIабдурахIмановалъе данделъи гIуцIиялда нухда тIобитIиялъе квербакъаралъухъ кIудияб баркала загьир гьабуна.

Гьалбазе асар гьабураллъун гьенир рукIана, Зумрут МухIамадовалъул нухмалъиялда, культураялъул Централъул хIалтIухъабаз гьарурал церерахъинал.

Гьеб данделъиялъ дие кIудияб асар гьабуна. Гьенир рорхарал суалал гIумруялде рахъинаруни, дида ккола нилъер гIел жакъасеб къоялъул гIунгутIабаздаса эркенлъилилан. ***Динара Батиева***

# СВОялъул гIахьалчигун дандчIвай

Районцоязда лъала ахирияб заманалда аслияб кIвар кьураблъун Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операция кколеблъи . Гьедин букIиналъе гIиллаби гьанир рехсезе кколаро, гьел киназего баянал руго. Гьединго, нилъеда лъала районалъе нухмалъулез, жамагIатаз гьеб операциялда гIахьаллъулезул рахъ кколеб, гьезиегун гьезул хъизабазе кумек гьабулеб букIинги.



Дагьал цересIан къояз районалъул бетIер XI.XI. Мусаев дандчIвана рехсараб операциялъул гIахьалчи, районалъул депутатазул Собраниялъул депутат Дубкиялдаса Шахшабег МухIамадовгун, гьенив гIахьаллъана жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцаловги. XI. Мусаевас гьеиб абуна: *«ЦIакъ цIикIкIараб кIвар бугеблъун ккола районалъул Собраниялъул депутат СВОялда гIахьаллъулев вукIин. Гьеб гIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъе мисаллъун кколеб букIинги киназдаго бичIчIунеб батила. Районалъе нухмалъулел, гIадамал хIадурал руго нилъер дора ругел гIолохъабазе хIажатаб кумек гьабизе»*,-ян.

XI. Мусаевас рагъухъанасда баркана яс йижин ва гьес Ш. МухIамадовасда цере раккулел масъалаби бетIералде рахъинариялъе хIадур рукIин бичIчIинабуна.

Жиндирго иргаялда, Шахшабегица XI. Мусаевасе, районалъул гIадамазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна жидер рахъ кколеб букIиналъухъги гьабулеб кумекалъухъги.

***Ибрагьим Идрисов***

***Расул ХIамзатовасе-100 сон!***

# Расул кIодо гьавиялъул тадбиралда

20абилеб гIасруялъул шагIир, дунялалда Дагъистанги, Дагъистаналда аварал рукIинги лъазабурав Расул ХIамзатовасул нусгосонилаб юбилей тIолго улкаялъго кIодо гьабулеб буго.



Гьелда хурхун, районалъул культураялъул Централда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана администрациялъул бетIерасул заместителал: Зикрула Эмеев ва Басир Нуцалов, учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби, цIалдохъаби ва гьалбал.

*- Расул ХIамзатовасул творчество, цохIо нилъер республикаялда гуребги, тIолабго дунялалда лъала. Гьес аза-азар кучIдул ва харбал хъвана. Гьел цоцазда релълъинчIел, такрарлъи гьечIел руго. Пурус мацIалде гьесул нус-нус асарал руссинаруна, гьелдалъун Расул ХIамзатовасе дунялалдаго машгьурлъиги щвана. Гьел асаразулъ нилъер халкъалъул тарих, гьелъул гIадаталгун гIамалал рихьизарун руго. Гьесул киналниги асараз квербакъула гIолеб гIел куцаялъе, инсан квешал пишабазде цIангутIиялъе, лъикIал ишазде,хъвада-чIвадиялде рачиналъе, гьелдаго цадахъ, гьес кьватIир чIвазарулел руго инсанасулъ рукIине рекъей гьечIел хасияталгун гIамалал. Гьедин лъана къватIисел улкабазда Дагъистаналда тIадегIанабгун хасаб культураялъул, бахIарчияб къисматалъул ва рухIияб рахъ щулияв гIадамал рукIин.*

*Нилъеца шагIирасул асарал цIунизе, гьездаса мисал босизе ккола. Гьел асараз нилъ сабруялда рукIиналде, гьудуллъигун вацлъиялъул кьалбал риччаялде цIала, ва гьез гIумруялда жаниб лъаялъул бугеб кIвар бичIчIизабула.*

*Нилъеда ракIалда вугебгIан заманалъ Расулил цIар кIочен гьечIеблъун букIина*,-ян абуна Б.Нуцаловас гьеиб жиндирго кIалъаялда. ШагIирасул хIакъалъулъ бицун гьенир кIалъаял гьаруна Шамил районалдаса гьобол, шагIир Закария-хIажи Хамаговас, гIемерал соназ культураялда хIалтIарав ГьазихIма Абуевас, Дилималъул гимназиялъул мугIалим Заргьат АхIмадхановалъ ва цогидазги.

Данделъаразул ракIазе кIудияб асар гьабуна районалъул халкъияб театралъул хIаракатчагIаз Расулил асараздасан гIуцIараб музыкалиябгун литературияб церерахъиналъ. Бажаригун пагьму бугев халкъияв режиссёр МухIамад Дудуевас лъураб гьеб постановкаялъ шагIирасул гIумруялъул гьитIинабго сурат цебе чIезабуна.

Тадбиралъул ахиралда киназго магIарулазул гимнлъун кколеб Расулил *«Дагъистан»* абураб кечI ахIана.

***Динара Батиева***

## Участковая избирательная комиссия 0553 с полномочиями по подготовке и проведению выборов в органы местного самоуправления, местного референдума на территории муниципального образования «сельсовет Хубарский» Казбековского района республики Дагестан

## РЕШЕНИЕ

от «11» сентября 2023 года №38

***О результатах досрочных выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Хубарский» Казбековского района Республики Дагестан восьмого созыва по Хубарскому единому многомандатному избирательному округу***

На основании данных первых экземпляров протоколов участковых избирательных комиссий об итогах голосования по досрочным выборам депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Хубарский» Казбековского района Республики Дагестан восьмого созыва по Хубарскому единому многомандатному избирательному округу, в соответствии со статьями 78 и 79 Закона Республики Дагестан от 6 июля 2009 года № 50 *«О муниципальных выборах в Республике Дагестан»* и на основании решения Избирательной комиссии Республики Дагестан от 16 декабря 2022года № 22/173-7 *«О возложении полномочий по подготовке и проведению выборов в органы местного самоуправления, местного референдума на участковые избирательные комиссии Казбековского района»,* которым на участковую избирательную комиссию № 0553 возложено исполнение полномочий избирательной комиссии по выборам депутатов Собрания депутатов муниципального образования *«сельсовет Хубарский»* Казбековского района восьмого созыва участковая избирательная комиссия № 0553

***РЕШИЛА:***

1. Признать досрочные выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования *«сельсовет Хубарский»* Казбековского района Республики Дагестан восьмого созыва по Хубарскому единому многомандатному избирательному округу состоявшимися и результаты выборов – действительными.

2. Признать избранными депутатами Собрания депутатов *«муниципального образования «сельсовет Хубарский»* Казбековского района Республики Дагестан восьмого созыва по Хубарскому единому многомандатному избирательному округу зарегистрированных кандидатов

Бисултанова Магомедпазиля Бисултановича, Джабраилова Абдулатипа Абдумаликовича, Исакова Рашида Баймирзаевича, Исакова Муслима Магомедрасуловича Дадаева Газимагомеда Набигулаевича, Гаджиева Гаджи Магомедхабибовича, Дадаева Шамиля Салавдиновича, Магомедова Иса Абулмухтаровича, Гусейнова Али Абусупияновича, Дадаева Шамиля Дадаевича, Умаева Мурада Умаевича получивших наибольшее число голосов избирателей, принявших участие в голосовании.

3. Опубликовать настоящее решение в газете *«Чапар»*

***Председатель УИК 0553 А.А.Исаков***
***Секретарь УИК 0553 А.С.Байханова***

***ППС гIуцIаралдаса-100 сон!***

# Юбилей кIодо гьабуна

Нилъеда гьоркьов цониги чи ватиларо ОМВДялъул патрульлъиялъулгун постовияб хъулухъ (ППС) щиб кколебали лъаларев. Гьелъул хIалтIухъабазда цебе лъураб масъалалъун ккола бакI-бакIазда гIадлу-низам чIезаби.

2 сентябрь ППСалъул кьолъунги лъазабун буго.

Рехсараб хъулухъалъе 100 сон тIубаялда хурхун, Ленинаул росдада гIагарлъухъ гьеб къо кIодо гьабиялъул тадбир тIобитIана.

Гьенив кIалъай гьабурав ОМВДялъул начальник Юнус Хайрулаевас тадбиралъул гIахьалчагIазе бицана ППСалъул бугеб кIвараралъул, гьелъул хIалтIухъабаз, сордокьоялъухъги гьава-бакъалъухъги балагьичIого, гIадлу-низам чIезабиялъе гьабулеб хIалтIул. Гьес ППСалъул хIалтIухъабазда юбилей баркана ва гьезие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва тIадаб хъулухъ тIубаялъулъ бергьенлъаби гьарана.



Гьединабго кIалъай гьеиб гьабуна жанисел ишазул ветеран, рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибовасги. Гьес, ППСалъул хъулухъалъулъ церетIеял рихьизарурал хIалтIухъаби, республикаялъул ветераназул Советалъул рахъалдасан, *«Патриотикияб тарбия кьеялъухъ»* медалаздалъунги Баркалаялъул кагътаздалъунги кIодо гьаруна.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# Прокуратура разъясняет...

***Прокуратура района разъясняет жителям о праве обращения с жалобами в органы прокуратуры на действия (бездействия) должностных лиц правоохранительных органов, отказавшихся в принятии заявлений о неправомерном списании денежных средств с их счетов.***

# На заседании комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав

7 сентября состоялось заседание комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав, где были рассмотрены вопросы «О принятии мер по защите прав и законных интересов несовершеннолетних в получении общего образования» и «О работе отдела МВД совместно с другими органами и учреждениями, системы профилактики безнадзорности и правонарушений несовершеннолетних и общественными, религиозными организациями по предотвращению вовлечения несовершеннолетних в террористическую и экстремистскую деятельность, недопущения распространения радикальной идеологии в молодежной среде».

Представитель управления образования Наида Юсупова рассказала о проведении образовательными учреждениями, совместно с отделом полиции, первичных мероприятий по выявлению детей школьного возраста, подлежащих обучению и принятии мер по охвату их обучением в школах, а также по выявлению родителей, законных представителей, уклоняющихся от обязанностей по обучению своих детей. Наида отметила, что, в результате подворных обходов, не выявлены родители, злостно уклоняющиеся от обязанностей по обучению детей. На данном этапе неохваченными школой остаются 4 несовершеннолетних, 3 из которых, не могут учиться в школе по состоянию здоровья, и родители 1 школьника изъявили желание перевести ребенка на семейную форму обучения, родителям разъяснён порядок перевода детей на домашнее и семейное обучение. Судьба девятиклассников еще неизвестна, так как у них в данный период идет пересдача ОГЭ заявила она.

Председатель комиссии Ильяс Шабазов поручил управлению образования и отделу полиции продолжить мероприятия по выявлению детей, оставшихся без охвата школьным обучением, принять меры по привлечению к ответственности лиц, препятствующих получению детьми общего образования, уделить особое внимание девятиклассникам. Окончательные результаты работы в этом направлении должны быть представлены в управление образование, комиссию по делам несовершеннолетних и защите их прав до 25 сентября сказал И. Шабазов.

По второму вопросу выступила инспектор ПДН ОМВД Хадижат Джелеева. Она отметила, что в районе за прошедший и текущий годы не выявлены факты вовлечения несовершеннолетних в различные радикальные группы, совершения ими правонарушений, связанные с терроризмом, экстремизмом, радикализмом, расовой, религиозной, этнической, межнациональной и иной ненавистью.

Заведующая отделением социального обслуживания на дому детей и семей КЦСОН Зайнап Азизова отметила положительную динамику в индивидуально-профилактической работе с детьми, возвращенных из зон боевых действий в Сирии, в плане социальной адаптации и в целом реабилитационного процесса детей, благодаря совместной работе с педагогами школы, инспектором ПДН, специалистами КДН и ЗП, и УСЗН.

И. Шабазов указал на необходимость продолжения профилактической работы по противодействию терроризму, экстремизму и радикальной идеологии среди несовершеннолетних с учетом сложившейся социально-политической обстановки, усилить работу по патриотическому воспитанию подрастающего поколения. Уберечь детей от идеологии западных и Украинских националистов, критики действий вооруженных сил России, а также призвал разъяснить родителям и детям об опасности вооруженных нападений на школы, о ложных сообщениях об акте терроризма, пожаре, и. т. д. Он также призвал отдел полиции осуществлять мониторинг сети «Интернет», в том числе закрытых сообществ в социальных сетях, в целях выявления контента, распространяющего и пропагандирующего идеологию терроризма, экстремизма, радикализма среди несовершеннолетних, а также взрослых, вовлекающих в эту идеологию лиц несовершеннолетнего возраста.

***М.Ю. Магомедов,***
***ответственный секретарь комиссии***
***по делам несовершеннолетних и защите их прав***

# Памятка о необходимости регистрации объектов недвижимости

Государственная регистрация права в ЕГРН является единственным способом доказать право собственности на объект. То есть только после этой процедуры новый владелец недвижимости сможет стать полноправным хозяином имущества и беспрепятственно совершать с ним дальнейшие сделки-продавать, дарить, обменивать, передавать в аренду, в залог и т.д.

Также внесение Росреестром сведений в ЕГРН о праве собственности поможет защитить имущество перед другими гражданами, которые по тем или иным причинам будут претендовать на него, например, наследники бывшего собственника. Оспорить зарегистрированное право на недвижимость они смогут только в судебном порядке.

Кроме этого, внесение сведений в ЕГРН о зарегистрированном праве собственности значительно сократит список документов, которые потребуются при обращении в государственные и муниципальные органы. Ведомства смогут беспрепятственно получить эти сведения из ЕГРН без участия заявителя.

Регистрация права собственности необходима и для получения компенсации за ущерб имуществу. Если недвижимость пострадает или будет уничтожена в результате пожаров, наводнений и других стихийных бедствий-получить выплату сможет только законный собственник объекта.

**Перечень документов для оформления права собственности в ЕГРН объекта недвижимости (жилого дома, квартиры, земельного участка):**

1. Заявление (заполняется в Мои Документы, ФГАУ РД МФЦ в РД по Казбековскому району, Адрес: ул. Шихмирзы Абуева, 9, село Дылым, График работы: пн.-пт. 08:00-18:00; сб 08:00-17:00, перерыв 12:00-13:00).
2. Личный паспорт заявителя.
3. Оригинал правоустанавливающего документа (договор приватизации, купли-продажи, мены, выписка их похозяйственней книги, технологический план и др.).

Государственная пошлина за регистрацию права собственности на ранее учтенные объекты недвижимости (ранее возникшее право) гражданами НЕ ОПЛАЧИВАЕТСЯ.

Государственная пошлина за регистрацию права собственности на неучтенные объекты недвижимости уплачивается гражданами в следующих размерах:

- земельные участки-350 руб. (для индивидуального жилищного строительства, для ведения личного подсобного хозяйства);

-оплатить государственную пошлину можно в Мои Документы, ФГАУ РД МФЦ в РД по Казбековскому району при подаче документов на регистрацию.

**В случае, если объект недвижимости не стоит на государственном кадастровом учете необходимо:**

- для образования земельного участка-обратиться к любому кадастровому инженеру для выполнения процедуры межевания и подготовки межевого плана для постановки земельного участка на государственный кадастровый учет;

- для оформления жилого дома или квартиры-обратиться к любому кадастровому инженеру для выполнения процедуры технической инвентаризации и подготовки технического плана для постановки жилого дома или квартиры на государственный кадастровый учет.

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Бокс

Дагьал церегIан къояз Алмахъ росулъ Муса ГIазаевасул спортшколалъул гIолохъанал боксеразда гьоркьор боксалъул къецал тIоритIана. Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIумруялдаса ватIалъарав Шангере Навурбиев ракIалда щвезавиялда хурхун тIоритIарал гьел къецазда, нусгоялде гIагарун боксер гIахьаллъана. Гьел къецал тIоритIаразул аслияб мурадлъун букIана гIолилазул ВатIаналде, гьелъул халкъалде рокьи бижизаби, гьезда гьоркьор гьудул-гьалмагълъиялъулалгун вацлъиялъул бухьенал щулалъизари ва бокс тIибитIизаби.

Жиде-жидер цIайиязда, гьенир чемпионаллъун рахъана: МухIамад Шемеев, ХIабибула Алиукъаев, Шарип Нуцалханов, ГIалихан Идрисов, Муса МухIамадхIабибов, Зулкъарам ИсмагIилов, МухIамад Хизриев, МухIамадзагьир ЛатIипов, МухIамад Мирзаханов, АхIмад МухIамадхIабибов, Сайдула ИсмагIилов, Магьди Султанбеков, ГIузайри ХIажиев, Сахрудин ИнгIабасов, МухIаммад Тупаев, МухIамад Музаров, ГIабдула Батиров, Рамазан МухIамадаминов.

Призалъулал бакIал росарал боксерал гьенир кубоказдалъун, грамотабаздалъун ва гIарцулал шапакъатаздалъун кIодо гьаруна.

Шангере Навурбиевасул гIагарлъиялъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна турнир гIуцIиялда нухда тIобитIиялъе квербакъарал районалъулгун Алмахъ росдал бутIрул ХIажимурад Мусаевасегун МухIидин Салаевасе ва спортшколалъул директор МухIамад ГIазаевасе.

# Эркенаб гугари

Арал гIодоркъояз Хьаргаби районалъул КIикIуни росулъ тIобитIана гьениб цIияб спортшкола рагьиялда ва гьелъие СССРалъул спорталъул мастер МухIамад Сулеймановасул цIар кьеялда хурхараб эркенаб гугариялъул республикаялъул турнир. Спорталъул рехсараб тайпа тIибитIизаби, гьудул-гьалмагълъиялъулгун вацлъиялъул бухьенал щулалъизари мурадалда тIобитIараб гьеб тадбиралда нилъер районалъул Мусашайих ГIазаевасул спортшколалдаса гугарухъабиги гIахьаллъана.

Жиде-жидер цIайиязда, гьел къецазда кIиабилеб бакIалде Рамазан Мусаев (51 кг.) вачIана ва лъабабилеб бакIалъе Юсуп МухIамадов (32 кг.) мустахIикълъана.

Гьел кIодо гьаруна медалаздалъун, грамотабаздалъун, гIарцулал шапакъатаздалъун ва къиматал сайгъатаздалъун.

Гьезул тренерлъун Къурбан Давурбегов ккола.

***Насрула Алиукъаев***

Районалъе нухмалъулез, гьудул-гьалмагъзабаз ва жив лъалев тIолазго, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго МухIамад Юсуповасда ва гIагабожаразда, вац

**Сулайман**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.
Аллагьас гьев Алжаналъул агьлулъун гьавеги.

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес:
367032, РД,
МахIачхъала шагьар,
Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**